

**РАЙГУРÆН БÆСТÆН Æ АЙНÆГ ДОРТÆЙ ДÆР СОЙНÆ ТÆДЗУЙ!..**

***ХЪÆБÆЛОТИ Билар (1917-2009), Компартий Цæгат Иристони обкоми раздæри фиццаг секретарь: «Адæмти ’хсæн æнсувæрон хæлардзийнади æхседгæ фарслæууæг уогæй, Плити Иссæн уæддæр уæлдай уарзон адтæнцæ æ райгурæн Иристон, æ райгурæн гъæубæстæ. Мæнæй иронх нæй, кæддæр си ке фегъустон, æ еци загъд: «Ирисхъæ ’й цийфæнди идæрдтæмæ ку фæххæссуй, уæддæр æ зæрди рæбун кæддæриддæр даруй æ Райгурæн зæнхи армидзаг...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№44 (915) 2023 анзи 25 ноябрь – геуæргобай мæйæ

Аргъ 1 туман


# СÆРУСТУР АН Æ КАДÆ ÆМА НАМУСÆЙ!..



*Тох ныккодта, дæлæ Германы сау хæсты, гъей!*
*Плиты хъæбатыр хорз Иссæ, гъей!*
*Сахъ хæстон, уый сæрибарыл хæцыд*
*Нæ бæсты сæрвæлтау, гъей, тох!*

*Райгуырæн хохы хъæбатыр цæргæсау, гъей!*
*Дæрдтыл йæ базыртæ чи тындзы, сахъ хæстон,*
*Уый сæрибарыл хæцыд*
*Нæ райгуырæн бæстыл, гъей, тох!*

*Уæй, уæрæйдæ, мадæлтæй макуы райгуыра, гъей!*
*Иссæйау карз тох чи нæ кодта знæгтимæ.*
*Уый сæрибарыл хæцыд,*
*Нæ бæсты сæрвæлтау, гъей, тох!*

Нæ Иристони номдзуддæр адæймæгутæй еу, Плити Александри фурт Исси рохс ном абони уомæ гæсгæ имисæн, æма 25 ноябри æ райгурдбæл æнхæст кæнуй æхсæзинсæй анзи (1903-1979). Уой фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 3-7-аг фæрстæбæл.

## ÆХЦÆУÆН УНАФФÆ



### БИЙНОНТИ АМОНДÆЙ ИРÆЗУЙ ФИДИБÆСТИ ФАРНÆ ДÆР!

***Нæ бæсти Президент Владимир Путини унаффæй 2024 анз Уæрæсей Федераций нимад цæудзæнæй куд бийнонти Анз.***

Еци унаффи ахсгиагдзийнадæ уомæй агъазиау æй, æма, куд нисангонд цæуй, уотемæй бийнонти цардиуагæ хузæнондæр æма адæмихæттити традицион хæзнадзийнæдтæ багъæуай кæнуни фæдбæл паддзахадон политикæ гъæуама никки парахатдæргонд æрцæуа. Нæ бæсти Хецауадæн ихæсгонд æрцудæй, цæмæй 27 декабри уæнгæ æнхæстæй арæзт æрцæуа организацион комитет æма бийнонти Анзи фæдбæл райаразуйнаг мадзæлттæ исбæлвурд кæнун. Нерæнгæ бал куд нисангонд æрцудæй, уотемæй еци оргкомитетæн разамунд дæтдзæнæй Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Татьянæ Голикова**.

Регионти разамонгутæн ба ихæсгонд æрцудæй, цæмæй уæхæн оргкомитеттæ исаразонцæ сæхемæ дæр, уæдта иснисан кæнонцæ бæлвурд мадзæлттæ бийнонти Анзи фæдбæл.

Дзубанди дæр ибæл нæййес, æнæгъæнæ анзи дæргъи бийнонти хуарзæн мадзæлттæ арæзт ке цæудзæнæй, е. Уомæн æма бийнонти амондæй ирæзуй Фидибæсти фарнæ дæр.

## АХСГИАГ МАДЗАЛ




### СÆРБÆРЗОНД ЦÆМÆЙ УÆН, Е НÆМÆ ЕС!..

Зундгонд куд æй, уотемæй ноябри райдайæни Мæскуй кадгин уавæри байгон æй дуйнеуон равдист-форум «Уæрæсе». Адæмон хæдзаради еугур къабæзти æнтæстдзийнæдти Еугуруæрæсеуон центри фæзуæтти ци урух равдист цæуй, уоми архайунцæ еугур уæрæсейаг регионтæ, агъазиау кустадон æма амалгъонадон компаниti, паддзахадон корпорацитæ æма æхсæнадон организацити минæвæрттæ. Форуми программи зингæ бунат лæвæрд æрцæуудзæнæй аййевадон коллективтæ æма културы къабази иннæ архайгути исфæлдистадæн.


2



http://gazeta-digora.ru

E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***Сæрмагонд æфсæддон операций тæлмæмæ гъуддаги балций рæстæг Цæгат Иристони Сæргълæууæг Сергей Меняйло батальонтæ «Алани» æма «Шторм. Осетия»-йи æфсæддон службæгæнгутæн хуæрзеугутæ равардта: Гæбути Игорæн исаккаг кодтонцæ Лæгдзийнади орден, Белегкати Давид æма Хъайтухъти Георгийæн равардтонцæ «Æхсари туххæй» майдантæ, Дзгойти Александрæн, Сергей Мельников æма Хугати Русланæн ба – майдантæ «Иристони Намусæн».***

## БÆРÆГБОН




Цæгат Иристони цæрæг бердзейнæгти æхсæнадæ «Прометей»-и исарæзтбæл 35 анзи ке исæнхæст æй, уой фæдбæл нæ республики 10-19 ноябри рацудæнцæ бердзейнаг култури Бæнттæ. Уой фæдбæл арæзт мадзæлтти архайунмæ нæмæ иуазæгуати иссудæнцæ Уæрæсей бердзейнæгти национ-культурон автономий æнхæстгæнæг директор Людмилæ Малышева, автономий дирекций правлений иуонг Михаил Атмачиди, бердзейнаг зартæгæнæг æма музыкант Яннис Кофопулос, Уæрæсей иннæ устур сахарти бердзейнаг æхсæнæдти минæвæрттæ дæр. Иуазгути базонгæ кодтонцæ Цæгат Иристони зæрдæбæлдарæн рауæнти хæццæ, сæ зæрдитæ син барохс кодтонцæ културон программитæй.

## КОСÆГÆН – КУСТ




Кустдæттæг организацитæ ахиддæр игъосун кæнун байдæдтонцæ вакансити туххæй игъосункæнуйнæгтæ адæмæн кусти бунæттæ дæттуни республикон службæмæ. Уой сæрдари хуæдæййевæг Эллæ Авакова куд загъта, уотемæй сæ службæ алли мæйæ дæр байгон кæнуй 1200 кусти бунати. Аци анз кустдæттæг организацитæ 'рбалæвардтонцæ вакансити 640 бунатей туххæй игъосункæнуйнæгтæ, фари хæццæ рабаргæй, е фулдæр æй.

Кустдæтгутæ ци мизд феддуйнаг æнцæ, уой рæстæмбес бæрцæ фарæ 20 800 соми адтæй, уæд нур ба исирæзтæй 21 600 сомей уæнгæ. Нæ республики хæдзарадон къабæзтæй берæ рауæнти хумæтæг косгутæ нæ фагæ кæнунцæ, уæлдайдæр ба хуйæн кустуæтти.

## ЕРИСТÆ




Цæгат Иристони уæлдæр ахургæнæндæнттæй VIII олимпиадæ «Я – профессионал»-и архайунмæ сæ курдиæдтæ балæвардтонцæ 2857 студенти. Еци конкурс æй Уæрæсей Президенти платформæ «Уæрæсе – гæнæнти бæстæ»-йи проект, царди уагъд цæуй нæ бæсти уæлдæр ахурадæ æма науки Министради агъазæй.

Олимпиадæ «Я – профессионал»-и архайуни фæндæй нæ республики студенттæ устурдæр æргом раздахтонцæ уæхæн къабæзтæмæ, куд «Педагогон ахурадæ (сæйраг)», «Экономикæ» æма «Педагогон ахурадæ (скъолай агъоммæ)». Нур олимпиади кæронбæттæни архайунмæ равзардзæнæнцæ хуæздæрти. Етæ исбæрæг уодзæнæнцæ 3 декабри.

## ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ. НИСАНТÆ.

Зундгонд куд æй, уотемæй Уæрæсей Президент исæвардта, газ цæргути хæдзæртти размæ бауадзуни ихæс. Æма уой гъæугæ хузи исæнхæст кæнунбæл нæ республики цæуй бæлвурд куст. Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарадæ, артаг æма энергетики министр Тамати Майрæн куд зæгъуй, уотемæй 2021-2022 æнзти гъæуама газ бахъæртун кодтайуонцæ 1906 хæдзаремæ. Æнхæстæй сæмæ бахъæрттæй æрдзон артаг. Бафинстонцæ 2320 бадзурди, зæнхи хæйтти размæ газ бахъæртун кодтонцæ 2013 хæдзарей уæнгæ, 1155 хæдзареми ба газ искуста. Республикон æма федералон бюджеттæй граждæнти хецæн къуæрттæн газ бауадзуни хæрзти нихмæ дæттунцæ фæрæзнитæ. Аци анз гъæуама 441 хæдзарей уæнгæ бауадзонцæ артаг.

* * *

**Æрæги Дзæуæгигъæуи Мариинаг театри филиали фиццаг хатт сценæй æвдист æрцудæй Хетæгкати Къостай поэмæмæ гæсгæ национ балетон спектакль «Фатимæ». Балети музыкæ æ рæстæги ниффинста зундгонд композитор, Цæгат Иристони аййевæдти æскъуæлхт архайæг Плити Жаннæ. Æма спектакль дæр æвæрд æрцудæй уой номерæнæн. Куд нисангонд цæуй, уотемæй балет «Фатимæ» исæвæруйнаг æнцæ Мæску æма Санкт-Петербурги театралон сценити, æма ма Плити Жанни райгурæн сахар – Цхинвали дæр.**

* * *

«Цæгат Иристони физкультурæ æма спорти райрæзт», зæгъгæ, паддзахадон программæмæ гæсгæ идарддæр æнхæстгонд цæунцæ стадион «Спартак»-и райарæзти куститæ. Куд нисангонд æй, уотемæй сæ еумæйаг аргъ æй 2,9 миллиард соми. Проектмæ гæсгæ, стадион еу хаттæн исиуазæг кæндзæнæй 15 мин адæймаги. Еци рауæн сæрмагонд иуазгутæн ба уодзæнæй æхгæд, лоджитæ ке хонунцæ, уæхæн бунæттæ, тæрхонгæнгутæ, комментатортæ æма журналисттæн ба хецæн кабинкитæ, конференц-залтæ. Медæгæй спортивон къуæрттæн арæзт цæудзæнæнцæ хе æртайæн æма уæледарæс æййевæн азгъунститæ, футбол, рæуæг атлетикæ æма, е 'нæнездзийнадæ гъигæдард кæмæн æй, еци æртæ скъолайемæн ба залтæ тренировкитæ кæнунæн.

## АХСГИАГ МАДЗАЛ



# СÆРБÆРЗОНД ЦÆМÆЙ УÆН, Е НÆМÆ ЕС!..

Еци урух æмбурди зæрдиагæй архайуй Республикæ Цæгат Иристон-Алани дæр. Форум байгон кæнуни фæдбæл кадгин æмбурди Цæгат Иристонæй архайдтонцæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**, нæ республики хецаудзийнади минæвæрттæ.

Цæгат Иристони экспозици байгон кæнуни фæдбæл цитгин мадзали райдайæни Сергей Меняйло æ радзубандий загъта:

– Форум «Уæрæсе»-й размæ нæ республикæ устур цæттæгæнæн куст бакодта. Цæгат Иристони экспозици æвдист цæудзæнæй цалдæр тематикон декадæй – ахурадæ, туризм, културæ, горæтаг алфамбулай, спорт æма уотæ идарддæр. Дæс бонæй дæс бонемæ экспозицитæ æййивд цæудзæнæнцæ амунд темити бундорбæл. Кинонивтæ æма æндæр цæстуингæ æрмæгути фæрци равдисти архайгутæ базонддзæнæнцæ, еу кенæ иннæ къабази Цæгат Иристон ци æнтæстдзийнæдтæ æвдесуй, уони. Еугур хъæуритæй дæр байархайдзинан Иристони абони цард еугурвæрсугæй равдесунбæл, нæ хуæдбундор култури зингæдæр хæзнатæ адæми размæ рахæссунбæл, цæмæй форуми архайгути бафæндæуа республикæ бабæрæг кæнун æма лæмбунæгдæр базонгæ ун æ адæми хæццæ, æ алæмæти æрдзи хæццæ.

Уой фæсте ба игонгонд æрцудæй нæ республики экспозици. Уой бабæрæггæнæг дзилли зæрдитæ сæ аййевадæй барохс кодтонцæ нæ национ аййевади дæснитæ. Зæгъæн, зæрдæмæдзæугæ театрализацигонд равдисти архайдтонцæ Петербурги Мариинаг театри дзæуæгигъæуккаг филиали артисттæ.

Экспозиций иуазгутæн бацæттæ кодтонцæ аллихузон цæмæдесаг мастер-класстæ, лекцитæ, фембæлдтитæ Цæгат Иристони зундгонддæр минæвæртти хæццæ.

Аци форуми архайун нæ республикæн æй ахсгиаг фæрæзнæ. Уæлдайдæр ба уомæ гæсгæ, æма иннæ анз Цæгат Иристон бæрæг кæндзæнæй æртæ ахсгиаг историон цауи – Уæрæсей хæццæ байеу уни 250 анзи, Дзæуæгигъæуи 240 анзи æма республики автономий 100 анзи. Ке зæгъун æй гъæуй, нæ республики экспозицитæ аразгутæ байархайдтонцæ, цæмæй аци юбилейтæ дæр урух æвдист æрцæуонцæ иристойнаг экспозицити.

Еу загъдæй, форум «Уæрæсе»-й куст æ тæмæни бацудæй. Нæ республики экспозиций нуриуæнгæ рахецæн æй туризми декадæ, рацудæй си спорти декадæ, фæстæдæр ба иристойнаг стендтæ лæвæрд æрцæуддзæнæнцæ ахуради къабазæн, фæстæдæр ба – културæн…

Равдисти цæгатиристойнаг экспозицити хæццæ зонгæ кæнгæй, нæ бон æй сæрустурæй уой зæгъун, æма, сæрбæрзонд цæмæй уæн, е нæмæ ес!..

## БАРАДÆ

# ДЗУБАНДИ – ГЪАЗÆН ФÆЗТÆБÆЛ

Сувæллæнтти гъазæн æма спортивон фæзтæй пайда кæнуни рæстæг архайæг закъонæвæрунади домæнтæ æнхæстгонд куд цæунцæ, Ирæфи районы прокуратурæ уой исбæлвурд кодта.

Куд рабæрæг æй, уотемæй Чиколай, Секер æма Толдзгуни ка æрбунæттон æй, еци цуппар гъазæн фæземæн хецæуттæ нæййес æма сæмæ зелгæ дæр неке кæнуй, уой хæццæ, бунæттон хеунаффæйади оргæнтæ аци фæзтæ æнæхецау бундорон есбойнади объектти хузи номхигъдмæ бахæссунбæл нæ байархайдтонцæ.

Районы прокуратурæ амунд гъæути сæргълæугутæн бафæдзахста æргомгонд аййеппитæ райеуварс кæнун. Фал гъæугæ мадзæлттæ æнхæстгонд ке не 'рцудæнцæ, уой нимайгæй, районы прокурор тæрхондонæмæ ке барвиста, еци гъасти курдиади финст ес мæнæ уотæ: «Чиколай, Секер æма Толдзгуни гъæути бунæттон хеунаффæйади оргæнтæ ке неци архайунцæ, е нимад æрцæуæд æнæзакъон æууæлбæл, æма аци гъæути бунæттон хеунаффæйадон оргæнтæн байихæс кæнун æмбæлуй сувæллæнтти гъазæн фæзтæ æнæхецау бундорон есбойнади объектти хузи номхигъдмæ бахæссун».

Гъасти курдиадæбæл æрдзубанди кодтонцæ æма ин аразий дзуапп равардтонцæ.

Тæрхондони унаффитæ куд æнхæст кæнунцæ, районы прокуратурæ уомæ æ цæстæ даруй.

***Юлия КОЛЛЕГОВА***

## ЗОНГÆ КÆНУНЦÆ ИРИСТОНИ АЙЙЕВАДИ ХÆЦЦÆ

# «ÆРФÆН» НИМАД ÆРЦУДÆЙ ХУÆЗДÆРБÆЛ!..

Мæскуй Æнхæстдуйнеуон форумравдист «Уæрæсе»-й рæстæг арæзт æрцудæй конкурс «Роза ветров». Архайдтонцæ си Уæрæсей 45 субъектей исфæлдистадон минæвæрттæ – фараст мин адæймагемæй фулдæр. Сæ хæццæ ба ма сæ дæсниадæ равдистонцæ Казахстани, Азербайджани, Беларуси, Германий, Турки артисттæ дæр. Ауæхæн агъазиау ериси фескъуæлхун æнцон кæми адтайдæ! Æма уæлдай æхцæуæн æй, уоми хуæздæрбæл нимад ке 'рцудæй не 'мзæнхзон кафгути ансамбль «Æрфæн», æ аййевадон разамонæг Мурасти Заринæ.



**Нæудæс æма цуппаринсæй анзей размæ (1924 анзи 26 ноябри) арæзт æрцудæй Манголий Адæмон Республикæ. Уой сæрбæлтау гъуддæгути фескъуæлхтæнцæ не 'мзæнхонтæй беретæ, фиццагидæр ба Плити Иссæ.**

*Не 'фсæдтæ 1942 анзи 10 январи тох кодтонцæ Волоколамски райони знаги фронт батонунбæл. Æма е нæ къохи бафтудæй. Æнхæст ба ’й искодтонцæ инæлар-майор Плити Исси кавалерион корпус, лыжитæбæл бурæг 5 батальони æма 22-аг танкон бригади хæццæ.*
*Георгий ЖУКОВ (1896-1974), Советон Цæдеси Маршæл.*



# СÆРУСТУР АН Æ КАДÆ ÆМА НАМУСÆЙ!..



Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр, Манголи Адæмон Республики Бæгъатæр, æфсади инæлар Плити Иссæ райгурдæй 1903 анзи 25 ноябри Бæтæхъойгъæуи зæнхкосæги хæдзари. Æ фидæ Александр, æ кари лæг уогæй, æ бийнонти цардиуагæ ести хузи фæхххуæздæр кæнунæн мадзæлттæ исамал кæнуни зæрдтæй рандæй Канадæмæ æма уоми 1908-1912 æнзти фæккуста шахтити. Цидæр æхцатæ исæрвиста æ мадæн. Плити Александри карни туххæй кæддæр финстан нæ газети дæр.

Иссæ 1918 анзи уалдзæги каст фæцæй Дзæуæгигъæуи реалон училище. 1922 анзи 1 мартъий ба бацудæй Кавказаг Сæрмагонд Æфсади къуармæ. Уоми æхе хъæппæресгунæй ке равдиста, уомæ гæсгæ ’й ахурмæ рарвистонцæ Ленинградi бæхгин æфсади училищемæ.

Хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ ’й каст ку фæцæй, уæд æй 1926 анзи иснисан кодтонцæ Краснодари хуæнхон адæмти бæхгин æфсади скъолай ахурдзаути командирæй. 1930 анзи идарддæр æ ахур рахъæртун кодта Фрунзей номбæл Æфсæддон Академий. Уой каст фæуууогæй, Иссæ нисангонд æрцудæй Киеви æфсæддон зилди 2-аг бæхгин корпуси 5-аг дивизий оперативон къуари хецауæй. 1936 анзи ба ’й рарвистонцæ Манголимæ. Улан-Батори цæттæ кодта афицерти кадртæ. Бæсти разамунд Исси исхуарзæнхæ кодта Сæумон стъалуй орденæй.

Болкъон Плити Исси 1939 анзи иснисан кодтонцæ 6-аг бæхгин двиизий 32-аг полкки командирæй. Æ полкки хæццæ архайдта Нигулæн Белоруссий тугъдон балций, æхе си равдиста дæсни разамонæгæй, æма ’й райстонцæ генералон штаби Æфсæддон Академимæ. Каст æй фæцæй æмгъудæй раздæр: Устур Фидибæстон тугъд райдæдта...

Цалдæр бонемæ Иссæ исаразта Кубани 50-аг бæхгин дивизи. 1941 анзи июли æ сæргъи уогæй, тохи бацудæй немуцаг фашистти хæццæ. Инæлар Доватори бæхгин къуари уогæй, Плий-фурти дивизи 1941 анзи августи-сентябри рандæй немуци 9-аг æфсади фæскъилдунмæ. Е æмпурста Мæскумæ. Исси тугъдонти æнæнгъæлти нимпурст устур зиантæ æрхаста фашисттæн: нæбал син адтæй бастдзийнадæ штаби хæццæ, бандзарстонцæ син се скълæдтæ æма базитæбæл. Немуци аци æфсадæн бал Мæскумæ æ размæмпурст нæ рауадæй.

Исси дивизийæй 1941 анзи 26 ноябри исаразтонцæ 3-аг бæхгин гвардион дивизи. Мæскуй бунмæ тугъди гвардионтæ устур æскъуæлхтдзийнæдтæ ке равдистонцæ, уой тухxæй син сæ командир Плий-фурти реубæл исæрттевун кодтонцæ Ленини орден.

Гъæу Палашкино немуцæй уæгъдæ кæнгæй, 1941 анзи 19 декабри фæммард æй 2-аг бæхгин гвардион корпуси сæргълæууæг инæлар-майор Л.М.Доватор. Корпусæн командæ кæнуни ихæс барæгонд æрцудæй Плий-фуртæн.

Аци корпус 1942 анзи июли райдайæни равардта инæлар Ф.А.Пархоменкомæ, æхуæдæг ба командæ кæнун райдæдта 3-аг бæхгин гвардион корпусæн – е бахаудтæй хъæбæр зин уавæри, байзадæй æнæ командирæй. Сталингради фронти архайгæй, корпус бæгъатæрæй тох кодта берæ агъазиау тугъдтити. Исси иснисан кодтонцæ 5-аг гвардион танкити æфсади командæгæнæги фиццаг хуæдæййиевæгæй. 1943 анзи апърелæй ноябрмæ ба адтæй Будуйраг фронти командæгæнæги хуæдæййиевæг.

Буденный финста: «Æмбал Плий-фурт æй арæхстгин, лæгигъæдгун æма домагæ инæлар. Алкæддæр тугъди æхе равдесуй дæсни разамонæгæй. Е æнтæстгинæй командæ кодта дивизийæн, уæдта корпусæн. Фронти командæгæнæги хуæдæййиевæг ку адтæй, уæддæр æхе хъæбæр хъæппæресгунæй равдиста. Плий-фурт æй уой аккаг, цæмæй ин лæвæрд æрцæуа инæлар-лейтенанти цин...» Æма ин еци цин лæвæрд æрцудæй 1943 анзи.

Плити Иссæ 1943 анзи 2 ноябри иссæй 3-аг Украинаг фронти 4-аг бæхгин гвардион корпуси командир. 1944 анзи феврали исаразтонцæ бæхгин-механизацигонд къуар. Уордæмæ хаудтæнцæ 4-аг бæхгин гвардион корпус, 4-аг механизацигонд гвардион корпус æма æндæр хæйттæ. Æма ин Исси иснисан кодтонцæ раздзæуæгæй.

Бæхгин-механизацигонд къуар 1944 анзи апърели æнтæстгинæй архайдта знаги фæскъилдуни. Украинæ сæребарæгæнгæй, æ бæрнигонд æфсæдтæн æнтæстгин разамунд ке лæвардта, уой тухxæй Плити Иссæ хуарзæнхæгонд æрцудæй Суворови I къæпхæни орденæй, равардтонцæ ин Советон Цæдеси Бæгъатæри ном. 1944 анзи июли кæрони ба нисангонд æрцудæй фиццаг Белоруссаг фронти бæхгин-механизацигонд къуари командæгæнæгæй. 1944 анзи фæззæги ба нæуæг бунат: дуккаг Украинаг фронти бæхгин-механизацигонд къуари сæргъи. Е архайдта Венгри æма Чехословаки немуцаг-фашистон æрдонгтæй исуæгъдæ кæнуни тугъдтити. Уæлахезбæл исæмбалдæй Праги. Майи ин исаккаг кодтонцæ инæлар-болкъони цин.

Еу тогкалæн тугъд ку фæцæй, уæд бабæй æй рарвистонцæ Фæсбайкали фронтмæ. 1945 анзи июнæй 1946 анзи феврали уæнгæ Иссæ адтæй советон-мангойлаг æфсæдти бæхгин-механизацигонд къуари командæгæнæг. Дæс бонемæ аци къуар Гобий зменсæ будурти рацудæй сæдæ километри. Минкъий æма Устур Хинганбæл рахизтæнцæ, знаги фæскъилдунмæ бацудæнцæ æма Квантунаг æфсади ниппурхæ кæнуни гъуддагмæ бахастонцæ устур æвæрæн. Еууæхæни бабæй дин Иссæ минкъий æфсæдти къуари хæццæ æнæнгъæлти бампурста япойнæгти сахар-федар Жэхэмæ. Знæгтæ цавддортау фæцæнцæ, æма уоми берæминон гарнизон æхе уацари равардта. Махонтæ сахар райстонцæ æнæ еу гæрахæй. Еци æскъуæлхтдзийнади тухxæй Плити Иссæн Советон хецауадæ исаккаг кодта «Сугъзæрийнæ Стъалу»-й дуккаг майдан. 1971 анзи ба – Манголи Адæмон Республики Бæгъатæри ном, Сухэ-Батори орден æма Сугъзæрийнæ стъалу.

Плити Иссæ 1948 анзи апърелæй 1949 анзи апърели уæнгæ ахур кодта Ворошилови номбæл Генералон штаби уæлдæр Æфсæддон академий Уæлдæр академион къурсити. 1949 анзи апърелæй 1955 анзи майи уæнгæ командæ кодта Фæскавказаг æфсæддон зилдæн. 1955 анзи июнæй 1958 анзмæ адтæй Цæгат Кавказi æфсæддон зилди командæгæнæги фиццаг хуæдæййиевæг. 1962 анзи ин аккаггонд æрцудæй æфсади инæлари цин.

Уæдмæ бабæй дуйнеуон уавæр исæмæнтъери æй. «Уазал тугъд» æ карзи ку адтæй, уæд 1962 анзи Америки Еугонд Штатти уæди разамунд исфæндæ кодтонцæ сæребарæ Куби разамонæг Фидель Кастрой хецауади рагæлдзун. Æма Куби разамунди курдиадæмæ гæсгæ Советон Цæдесæй уордæмæ ци æфсæддон хæйттæ æрвист æрцудæнцæ, уонæн командæгæнæгæй иснисан кодтонцæ æфсади инæлар Плити Исси. Æма æ еугур хъæуритæ æма гæнæнтæй дæр архайдта, цæмæй ракетон-ядерон тугъд ма ’рцæуа. Æма еци æверхъаудзийнадæ ке не ’рцудæй, уоми ес нæ номдзуд æмзæнхони агъазиау байвæрæн. Плити Иссæ 1968 анзи рацудæй Цæгат Кавказi æфсæддон зилди командæгæнæги бунатæй.

Плити Иссæ ма фескъуæлхтæй куд искурдиадæгин паддзахадон архайæг дæр. Адтæй Коммунистон партий XIX, XX, XXII, XXIII съездти делегат, партий Центрон Комитети иуонгтæмæ кандидат, Советон Цæдеси Сæйраг Совети цалдæр фæдздзурдей депутат.

Æ уæлзæнхон цардæй Плити Иссæ рахецæн æй 1979 анзи 6 феврали. Æхе уосиатмæ гæсгæ е ’носон бунат иссæй æ райгурæн Иристони зæнхæбæл – æвæрд æй Дзæуæгигъæуи Намуси Аллейи.

Плити Иссæн устур кадæ кодтонцæ æма нерæнгæ дæр ма кæнунцæ айдагъ Иристони нæ, фал ма Кавкази, Уæрæсей, сауæнгæ дуйней берæ рауæнти дæр, кæмидæрти си æвæрд æрцудæнцæ æ номерæн циртдзæвæнтæ дæр. Уонæй кæцидæрти къартæ абони мухур кæнæн.

## БАЛХОНИ ЗÆРДИАГ САГЪÆСТÆ



***Плити Исси тухxæй зæрдæмæдзæугæ киунугæ «По тылам врага» æ рæстæги ниффинста краснодайраг журналист К. Зверев. Æма номдзуд балхони хæццæ фембæлдтитæ имисгæй, куд финста, уотемæй, дан, ин еууæхæни уотæ загъта:***

***– Алцæмæндæр æхе рæстæг ес. Мæ ирисхъæбæл зæрдихудт кæнун мæ бон нæй. Цард дзæгъæлти цард не ’рцудæй. Мæ бон ци адтæй, уой искодтон адæмæн, Фидибæстæн…***

***Цалдæр мæйей фæсте инæлар Плий-фурт æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй.***

***Фал æ намусгин гъуддæгути, Фидибæстæн уодуæлдайæй æма еузæрдиуонæй лæггадæ кæнуни фæдбæл зæрдæбæлдарæнтæ ба цæрунцæ…»***


Дзæуæгигъæу


Гаванæ (Кубæ)



Улан-Батор (Манголи)


Ростов-на-Дону



Мæску

**Хуцаубони 26 ноябри Уæрæсей бæрæггонд цæудзæнæй Мади Бон. Е уин хуарз равгæ ’й уæ мадтæлти барæвдаунæн.**

***Александр ВАСИЛЕВСКИЙ (1895-1977), Советон Цæдеси Маршæл, Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр: «Мæскуй бунмæ Волокаламски нади, уæдта Истри донмарæни рази историон тугъди æхсистæй инæлар Плийи-фурти архæстдзийнадæ. Ирæзтæй æ дивизий намус.***



ПЛИТИ Иссæн куддæр амал æма гæнæн фæуунидæ, уотæ фæннæхстæр уидæ æ райгурæн Иристонмæ. Уоди хуасæ ин исуидæ æ уарзон рауæнтæ бабæрæг кæнун, æ зардтагон æмзæнхонти хæццæ фембæлун.

# ИССИ БÆЛÆСТÆ МИСИККАТÆМÆ

***Нæ номдзуд æмзæнхон, разагъди балхон, Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр, Манголи Адæмон Республики Бæгъатæр, æфсади инæлар ПЛИТИ Александри фурт Исси райгурдбæл 25 ноябри æнхæст кæнуй æхсæзинсæй анзи (1903-1979). Е уоййасæбæл агъазиау цау æй нæ дзиллæн, æма ни федарæй æруагæс кæнуй, тæккæ цитгиндæр хузи бæрæггонд ке 'рцæудзæнæй. Мах, газет «Дигори» косгутæ дæр, нæ хай хæссæн аци æнæмæнгæ исаразуйнаг гъуддагмæ. Æма нæ курдиадæмæ гæсгæ не 'хсæнадон уацхæссæг ХОСОНТИ Земфирæ Беслæни фембалдæй Цæгат Иристони адæмон финсæг ДАУРАТИ Дамири хæццæ – е хуарз зудта Исси, фæцæй ин равгитæ дæр æ хæццæ фембæлун æма радзубандитæ кæнунæн. Уомæ гæсгæ ба уотæ æнгъæл ан, æма Дамири зæгъуйнæгтæ цæмæдесаг уодзæнæнцæ нæ нури газеткæсгутæн дæр.***

## НÆ ФÆЛТÆРД ФИДТÆЛТИ ФАРНÆ – НÆ НАДАМОНÆГ

**– Дамир, хуарз ма 'й гъуди кæнун, кæддæр газет «Дигори» мухургонд æрцудæнцæ, евгъуд æноси 70-аг æнзти астæу Плити Исси хæццæ куд фембалдтæ, уой туххæй æрмæгутæ. Куд загътай, уотемæй еци фембæлд ба æрцудæй сахар Ростови – нæ номдзуд æмзæнхон уæд уоми цардæй. Берæ цæмæдесаг хабæртти кой ракодтай дæ имисуйнæгти. Уæдæй нурмæ рацудæй берæ рæстæг, æма уони уæд ка бакастæй, уонæй дæр, æвæдзи, феронх адтайуонцæ, уой хæццæ ба ма рагъомбæл æнцæ нæ газеткæсгути нæуæг фæлтæртæ дæр, кæцитæ сæ, ка 'й зонуй, æгириддæр нæ фегъустайуонцæ. Зонун ба сæ æнæмæнгæ гъæуй, уомæн æма цийфæнди удуæлдайæй ку архайæн нæ исонибон зæрдæмæдзæугæдæр арæзунбæл, уæддæр, баруагæс уи уæд, нæ фидтæлтæ нин бундорæн ци фарнæ ниууагътонцæ, уой æнхæстæй ку нæ зонæн, аргъ ин ку нæ кæнæн æма уобæл æнцайгæй нæ размæцуд ку нæ аразæн, уæд нин уоййасæбæл уадессагæй неци бантæсдзæнæй. Еци фарни зингæдæр хæйттæй ба еу æй, нæ фидтæлтæ нæ Фидибæсти сæрбæлтау куд удуæлдайæй тох кодтонцæ е 'знæгти нихмæ æма ин куд гъæуай кодтонцæ æ сæребарæдзийнадæ, е. Еци гъуддæгути уæлдай æхсаргинæй ка фескъуæлхтæй, уонæй ба еу æй Плити Иссæ дæр. Æма хуарз уидæ, уой туххæй дæ имисуйнæгтæ ку радзорисæ...**

– Дæ курдиадæ мин, Зифæ, лæдæрд æй, уæдта дæ хæццæ арази дæн, нæ фидтæлти хъазауатон гъуддæгути туххæй еудадзугдæр дзорун ке гъæуй, уомæй дæр.... Мæнæ ци фембæлди фæдбæл рацудæй дзубанди, е мин Исси хæццæ дуккаг фембæлд адтæй. Фиццаг хатт æй хæстæгмæ фæуунидтон уæртæ 1964 анзи. Уæд нæ паддзахади уæди разамонæг Никитæ Хрущев Цæгат Иристонмæ ку рабалци кодта, уæд уой фæдбæл арæзт мадзæлтти архайдта Плити Иссæ дæр. Еци бæнтти, бæлвурддæрæй ба 8 августи Хрущеви бафæндадтæй нæ игъустгонд зæнхикустгæнæг, Социалистон Фæллойни Бæгъатæр Æлбегати Харитъони нартихуари хумтæ фæуунун. Мæнæ нур дæ хæццæ дзорун, уотемæй ба мæ цæститæбæл уайуй Харитъон æма нæ бæсти уæди разамонæг кæрæдземæн куд фæхъхъуритæ кодтонцæ, е. Уæдта унгæг хедбæл нартихуари хуми арфмæ куд бацудæнцæ... Сæ фæдбæл уордæмæ ниххæррæт кодтонцæ ахургæндтæ, журналисттæ, берæ адæм ба хумгæрони æндегæй нади астæу лæугæй байзадæнцæ, се 'хсæн нæхе Плити Иссæ дæр, уотемæй. Уой Хрущев растæфтæй, фæстæмæ разилдæй æма Иссæмæ дзоруй:

**– Æмбал инæлар, нартихуари 'хсæнмæ рацæуай, цæмæй си тæрсис?**

Æз ма 'й хуарз гъуди кæнун, Иссæ, цума е уæхæн фарстамæ æнгъæлмæ кастæй, уой хузæн ин куд тагъд дзуапп равардта, уой:

– Æз еци нартихуар дæуæй лæгъуздæр нæ зонун, æ хæццæ исгъомбæл дæн, мæ райгурæн гъæу ардæмæ хæстæг æй…

Еци æнæходгæй, цума ин никкидæр ма æндæр цидæр зæгъуйнаг адтæй, кæрних дзубанди, цæмæндæр мæмæ уæд уотæ фæккастæй.

Нартихуари хумтæ ку фæууидтонцæ, уæдта си устур митинг дæр адтæй, уой фæсте ба иуазгутæн фингитæ æрæвардтонцæ Харитъони будуйрон стани устур зали. Æз æма Ходи Камал ба уоми дуаргæстæ адтан. Иссæ æма Гурдзий хецау Мжаванадзе еугурей фæсте исхизтæнцæ къæпхæнтæбæл. Мжаванадзе мин мæ къох райста, Иссæ ба Камали къох. Уой фæсте Камал алли рауæнти хе æстауни хузи уотæ дзоридæ, Иссæ, дан, базудта, æ гъæуккаг ке дæн, уой æма мæн къох уомæн райста…

**– Ду, Дамир, Ростови Исси хæццæ фембæлгæй, уони ин æ зæрдæбæл не 'рлæуун кодтай?**

– Куд нæ! Мæ лимæн, дзенети бадуйнаг Æгъузарти Саукуйи хæццæ имæ ку бацудан æма æз Хумæллæгæй дæн, уой ин ку загътон, уæд мæ раздæр Æлбегати Харитъонæй бафарста, Хрущеви лимæн æй рахудта. Еци кæддæри фембæлд дæр æримиста, æма ин уæд æз ракодтон нæ гъæуи кадгиндæр хестæртæй еу, Æгайти Ципирка, Хрущеви хæццæ фембæлдæй гъæумæ ку раздахтæй, уæд куд загъта, еци хабар. Синхи зæронд уоститæ 'й фарстонцæ, гъæйдæ, куд адтæй, куд лæг дæмæ фæккастæй нæ устур иуазæг. Е, дан, еуцæйбæрцæдæр рæстæг неци дзуапп лæвардта, цидæр сагъæсти бафтудæй, уæдта еци федарæй загъта:

– Уоми Иссæй æндæр лæг нæ адтæй!

Æма уотæ зæгъгæй, æ фæллад цæститæ, дан, исæрттивтонцæ сæрустурдзийнади уолæнтæй.

– Гæрр, Микъиттæй дæр лæгдæр æй? – бадес кодтонцæ уоститæ. – Уæд уой бунати уидæ, далæ Кремли…

Хийнæйдзаг худт фæззиндтæй Ципиркай цæсгонбæл æма æ амонæн æнгулдзæ батилдта:

– Уæллæгъи, уæддæр Иссæ берæ лæгдæр æй!

Мæ аци имисуйнаг Иссæн æхцæуæн адтæй, зæрдиаг худт бакодта. – Æз Хумæллæги медæгæй некæд адтæн, – имиста Иссæ æхуæдæг дæр. – Цæликки будури ба дууæ хатти. Фиццаг хатт 1953 анзи уе 'мгъæуккаг партий обкоми фиццаг секретарь Хъулати Хъубадий Сталини рамæлуни фæсте æ кустæй ку иситонцæ, уæд. Мæ лимæн адтæй Хъубади æма 'й мæхецæн ихæсбæл банимадтон уой бабæрæг кæнун. Мæ над уобæлти ракодтон, нартихуари хуми астæу æй баййафтон... Нæ къарæ дæр ма еумæ исистан, кæд уин е цæмæдесаг æй, уæд æй нæ зæронд альбомтæй еуеми иссердзæнæн. Раст уин ку зæгъон, бицеутæ, уæд мæ уордæмæ дуккаг хатт Хрущеви хæццæ рандæ ун нæ фæндадтæй, хæран имæ адтæн æ еуæй-еу сæргъæн миути тухæй, хъæбæрдæр ба Сусловæн Хъубадий æфхуæрун ке бауагъта, уой туххæй... Сталинæн, дан, æгæр берæ аргъ кодта. Æма уомæн уæхæн аргъ æнæ гæнæн куд адтæй?..

Мах имæ Саукуйи хæццæ бацудан нæ рагацау цæттæгонд фарстати хæццæ, æма нин сæ еугуремæн дæр лæмбунæг дзуæппитæ равардта. Ростовæй ку исæздахтæн, уæд исбадтæн æма нæ еци фембæлди туххæй зæрдиагæй ниффинстон, æрмæг нæ райони газети мухургонд æрцудæй 1971 анзи 9 феврали. Кæд ма 'й гъуди кæнис, Зифæ, нæ уæди редактор, дзенети бадуйнаг Семен Волковиницери – е мин берæ арфитæ фæккодта, газети редакций уæди газети литературон косæгæн, премии дæр ма мин равардта…

– Æз ма хуарз гъуди кæнун, дæу нæмæ партий райком фиццаг хатт нæ райони газети редакторæй ку 'рбарвиста, уæд дæ хæццæ æрбахастай еу устур портрет. Мах æнгъæл адтан, е партий Центрон Комитети секретартæй кедæр хузæ 'й, зæгъгæ. Уæд е модæ адтæй, рæстæги домæнтæ уæхæн адтæнцæ. Ду ба æрбахастай… Исси портрет. Кæд си сосæгдзийнадæй неци ес, уæд ци фæцæй, кæми ауигъд æй абони?..

– Феронх ди æй, Зифæ, дууæ портрети æрбахастон уæд. Къоста æма Исси. Уони мин балæвар кодта Нæуæг Бæтæхъойгъæуи уæди совхози парторг Хъарити Заурбег. Цæстигагуйау сæ гъæуай кодтон. Гъуди ма 'й кæндзæнæ, уæд мæ еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте фæстæмæ райкоммæ ракодтонцæ. Еци дууæ портрети мæ хæццæ уордæмæ дæр фæххастон. Цалдæр анзей фæсте ба ардæмæ æрбаздахтæн, мæ къохти ба – етæ. Ами дууадæс анзи мæ косæн уати мæ сæрмæ фæцæнцæ. Беслæни сæргълæууæгæй мæ ку равзурстонцæ, уæд сæ ардигæй уæлæ æртиккаг уæладзугмæ, мæ нæуæг косæн уатмæ исхастон. Уоми ку нæбал кустон, уæд сæ мæхе дууæ къохемæй фарсæй æристон, абони уартæ нæ хæдзари мæ косæн уати 'нцæ. Еу бон нæмæ рацо, Зифæ, æма сæ фæуунæ. Къоста дæр æма Иссæ дæр хъазар æнцæ мæ уодæн…

**– Евгъуд æноси æстайæймаг æнзтæй еуеми дæ хъæппæресæй нæ сахари фæззиндтæй Исси номбæл гъæунгæ. Кæмидæр еуварс фæскъуми, кæмидæр кæронæй нæ, фал æ тæккæ бæрæгастæу. Е ба куд рауадæй?**

– Æнæмæнгæ уой зæгъун гъæуй, æма е, Зифæ, бустæги мæн хъæппæрес нæ адтæй. Æз ма райкоми ку кустон, уæд нæмæ еу улдзигон бони 'рцудæй мæ лимæн, дзенети бадуйнаг Уатати Бибо, Ирон театри циуавæрдæр фарстати фæдбæл. Райкоми фиццаг секретари хæццæ æ дзубанди ку фæцæй, уæдта мæн косæн уатбæл ракодта æ над. Хъæбæр зæрдиагæй æй худтон нæхемæ, зæгъун, фусун бакænæ, мæнæ ами хæстæг цæрун. Нæ мин исарази æй... Фал имæ райкоми къæсæртæбæл æнгъæлмæ кастæнцæ, Бибо ами 'й, зæгъгæ, ка базудта, æ еци лимæнтæ цалдæремæй. Етæ 'й «æрсастонцæ» æма рандæ ан Беслæни дæллаг кæрони уæди æнзти игъустгонд ресторан «Тыллуп»-мæ. Нæ лимæнтæй еу, Хадихъати Аслан дæр Бибойæн æхе хузæн зарун берæ уарзта æма Исси зар ку ницæлхъ ласта, уæд ин мах дæр зæрдиагæй фæрсаг кæнун байдæдтан. Зар ку фæцæй, уæд æз æрæстæфтæн, Бибо цæбæлдæр куд фæкъкъех æй, уой. Æрæгиау мæмæ æрбакастæй æма загъта:

– Кæд нæ рæдуйун, уæд Беслæнигъæуи Исси номбæл гъæунгæ нæййес…

Мах кæрæдземæ бакастан, е æцæгæйдæр уотæ адтæй, æ уайдзæф ин балæдæрдтан. Еунæг дзурд дæр ни некæмæй ма райгъустæй, уотемæй Бибо ба фæрразæй æй:

– Гъема уин ходуйнаг нæй? Уæ хуæздæр лæгтæ кæми 'нцæ?

Еци бонæй къуæрей фæсте æз нæ райони депутатти æмбурди трибунæмæ рацудтæн, Бибой уайдзæфи туххæй син загътон... Еугурæйдæр исарази 'нцæ, загътонцæ, еци гъуддаг æнæмæнгæ исаразун гъæуй. Уæд нæ сахари

сæйраг гъæунгтæй еу хаста нецæбæл дзорæг ном – Окружная. Нур ба хæссуй нæ Ири номдзуддæр лæгтæй еу, Плити Исси ном æма æз уомæй сæрустур дæн...

**– Зонун æй, ду æ рæстæги дæ диктофонæй финстай, Ири устурдæр æма кадгиндæр лæгти туххæй, ка сæ зудта, уони имисуйнæгтæ. Исси туххæй ду нурмæ неци багъæуай кодтай?**

– Цæйбæрцæдæр дæ гъæуа!.. Дууæ-æртæ фагæ уодзæнæй?..

## ИУАЗГУТÆ БÆЛÆСТÆ НИССАГЪТОНЦÆ СÆХЕ КЪОХТÆЙ

Аци хабар мин ракодта раздæр æнзти Октябри номбæл, абони ба Джибилати Заури номбæл гъæунги цæрæг Мисиккати Тотик. Е Исси хуæрзхуæрифурт адтæй...

– Иссæ ма уартæ Бакуй ку службæ кодта, уæд мин еухатт уотæ зæгъуй, мæ номбæл, дан, уæ устур тургъи æнгозæ бæласæниссадзæ. Е цæмæндæр æ уарзон рæзæбæласæ адтæй. Мæ мади æнсувæри фæдзæхст мæнæн тугъдон бардзурдæй уæлдай нæ адтæй, фал мæ нана нæ бауагъта, цæбæлдæрти æууæндагæ адтæй, уотæ мин зæгъуй, уомæн, дан, æ зæнгæ дæ къобали æстæвдæн ку исуа, уæд рамæлдзæнæ, фидтæлтæ, дан, уотæ дзориуонцæ.

Убæл æнзтæ рацудæй æма Исса еухатт Иристонмæ ку 'рбатахтæй, уæд æз дæр æ размæ уартæ зæронд аэропортмæ рандæ дæн. Хъулати Хъубади дæр уоми, уæдта нæ синхаг Дагестани уæди хецау Даниялов дæр. Иссæй æ кæддæри курдиадæ нæ феронх æй, æма мæ рафарста:

– Гъæйдæ, куд æй, ниссагътай æнгозæ бæласæ?

Æз ин, хабар куд рауадæй, уой ку ракой кодтон, уæд гъæрæй ниххудтæй:

– Мæнæ дессæгтæ, мæ дзæбæх хуæрифурт æ нанай аргъæуттæбæл бауæндтæй...

Нæхемæ ку 'рбацудан, уæд иуазгутæ Хъубадий хæццæ белтæ байагурдтонцæ æма сæхе къохтæй нæ тургъи æртæ къумеми æртæ æнгози, дууæ фæткъуй æма еу кæрдту бæласæ ниййаразтонцæ. Бакæсун сæмæ, æма бабæй мæ устур мади 'нсувæр мæ цæститæбæл рауайуй, уоди бæстæ мин æрхæссуй...

Еци бæлæстæ уал анзей фæсте ци фæцæнцæ, уой нæ зонун... Зифæ, ду алли бон кустмæ сæ рæзти ку фæццæуис. Еубон сæмæ баздæхай, фæууинæ сæ...



**ПЛИТИ Исси хæццæ фембæлдтити фæдбæл ДАУРАТИ Дамир ци уацтæ ниффинста, уонæй еуеми ракой кодта, сæ дзубандий рæстæги 'й куд бафарста Михаил ШОЛОХОВИ туххæй, гъома, кæрæдземæ хæстæг цæретæ æма уе 'хсæн циуавæр рахастдзийнæдтæ ес, зæгъгæ. Æма Иссæ зæрдиагæй загъта: «Нæ устур финсæг мæ устур æрдхуард æй. Æрæги дæр мæмæ æрбадзурдта, дæ хæццæ, дан, мæ æфсæддон ахуртæмæ фæххонай, нæ нури æфсæддонтæ нæуæг уавæрти куд архайунцæ, уой фæууинон... Уæхæн лæгæн «нæ», зæгъгæ, куд гъæуама зæгъай?! Хъæбæр аразийæй байзадæй не 'фсæддонтæй. Æма нæмæ æцæгæйдæр тухгин æфсад ес: дæсни æма ахургонд æфсæддонтæ...»**

Лондонмæ, нæ номдзуд æмзæнхон Токати Гогкибæл киунугæ ниффинсун ку исфæндæ кодтон, уæд. Хъазбегæн ба Гогки æ фиди хуæри лæг адтæй...

– Мæ фидæ тугъди рæстæг службæ кодта Маньчжурий, – дзурдта мин Хъазбег. – Иссæ разамунд кæмæн лæвардта, уæхæн æфсæддон хæйттæй еуеми адтæй америкаг хуæдтолгæ «Студобеккер» æскъæрæг. Еу бон имæ æ командиртæй еу хуæрзæнгорæггаг фæцæй, де 'мзæнхон, нæ хецау Иссæ, дан, мах æрдæмæ 'рбацæуй, тагъд æй ардæмæ гъæуй. Уоми итигъд будури æрбунатгæнæг æфсæддонтæн сæ алфамбулай фонс берæ адтæй. Мæ фидæ айтæ-уойтæ нæбал фæккодта, еу фус æрбаргæрста. Æ хæццæ тугъдмæ фæххаста гали сикъа, кæрæй-кæронмæ дæр æ хæццæ фæцæй, фæстæмæ дæр æй исласта æма 'й уæдта æз фæлластон, далæ Магаданмæ институти фæсте ку цудтæн, уæд.

Гъема еци сикъай мæ фидæ спъирт никкодта, æртæ фезонæги райста, уотемæй Исси размæ надмæ рацудæй. Уой Иссæ ку фæууидта, уæд æй уайтæккидæр балæдæрдтæй, айдагъдæр ирон лæг уотæ ке бакæндзæнæй уой. Хæстæгдæр имæ ку бацудæй, уæд æй базудта: мæ фидæ Дзæуæгигъæуи цардæй Байти Чермени гъæунги æвддæсæймаг хæдзари, Иссæ ба уордæмæ хæстæг Сæребари фæзи, мах хæдзари къилдунмæ. Хъæбæр бацийнæ кодтонцæ сæ кæрæдзебæл, Иссæ сикъа райста, искувта, уæдта 'й æ тæккæ бунтæй баниуазта. Æ алливарс инæлартæ десæй мардæнцæ – инæлар уоййасæбæл æхцул нæ адтæй карз ниуæзтæбæл...

Æз мæхуæдæг еухатт Иссæ хæццæ Хъæбæлоти Билари хæдзари дуармæ æнæнгъæлæги фембалдтæн. Бауæндтæн имæ æма ин мæхе байамудтон, цæуæн, зæгъун, нæхемæ дæ хонун, еци сикъа дæр фæууиндзæнæ. Æндæр гæнæн ин нæбал адтæй...

## ИССÆБÆЛ ЕЦИ НОМ КА ИСÆВАРДТА?

Хабар мин ракодта Карсанати Дзамболат:

– Тугъди рæстæг мæ фидæ Заманхъули колхози бригадирæй куста. Æз ма мæхуæдæг хуарз гъуди кæнун, тугъд ку фæцæй, уæд гъæугувд куд искодтонцæ, уой. Мæнмæ си гали æстæг дæр ма 'рхаудтæй.

Еухатт мæ фидæ æма хæдзаради иннæ бригадир Таутиати Иналухъ кæмидæр гъæди астæу ниссирдтонцæ дзæгъæлгæлст трактор – ЧТЗ. Еу зуймон бон имæ рандæнцæ цонæгъæй, базилдæнцæ имæ, артаг си никкодтонцæ, искосæ, зæгъгæ, Хуцаумæ искувтонцæ. Искуста!..

Мæ фидæ ибæл æхуæдæг исбадтæй, хумæ си кодта, æ хуарз кусти туххæй æй Мæскумæ дæр ма рарвистонцæ. Æма уотæ дзоридæ:

– Раст гъе уоми Иссæбæл исæмбалдтæн, нæ къæрæ дæр еумæ исистан. Хъæбæр мæбæл бацийнæ кодта, заманхъуйлаг дæн, уой ку базудта, уæд. Цæмæн? Нæ гъæуккаг Хъæстуати Иссæ еухатт иуазæгуати бафтудæй синхаг Зæронд Бæтæхъойгъæумæ æ хæстæгутæмæ. Еци бон уонæмæ кадæр хонæг æрбацудæй, уæлæ, дан, Плитæ сæ нæуæгигурд биццеубæл ном æвæрунцæ æма, дан, рацотæ, заманхъуйлаг иуазæги дæр, дан, уæ хæццæ æнæракæнгæ ма фæуутæ. Уоми кувди номæвæруни хæлттæ ку исгæлстонцæ нæ фидтæлти рагон æгъдаумæ гæсгæ, уæд Хъæстуати Исси ном исхаудтæй, е æхе ном нифсинсун кодта.

Мах, заманхъуйлæгтæ, абони сæрустур ан Иристони æскъуæлхтдæр лæгтæй еуебæл мах ном ке исæвардтонцæ, уомæй.

– Æма ци гъæу нæ уайдæ уомæй сæрустур, Зифæ?

## Æ ЦÆСТИСУГТÆ ИН ФÆУУИДТОН РОСТОВИ

Хумæллæггаг колхози раздæри агроном Борухъуати Зашар, æ рæстæги адтæй зундгонд Кæсæбити Митяй зартæгæнгути къуари иуонг. Мæнæ кутемæй æримиста еци къари хæццæ æ кæддæри исфæлдистадон балци Ростовмæ.

– Уоми сценæмæ ку рацудан æма Исси зар ку никкодтан, уæд нæмæ сценæмæ исхизтæй Иссæ æхуæдæг, баруагæс ди уæд, Дамир, æ цæстисугтæ æ ростæбæл æруадæнцæ. Раздæр нин нæ хестæр Митяй æрбахъури кодта, уæдта нæ еугуремæн дæр нæ къохтæ райста, фæййарфитæ нин кодта. Фал мæмæ уæлдай дессаг ба зали бадæг адæм фæккастæнцæ: еугурæйдæр исистадæнцæ æма цалинмæ Иссæ фæстæмæ æ бунати не 'рбадтæй, уæдмæ ин лæугæй æрдзæф фæккодтонцæ.

Куд нæ адтæн уомæй размæ дæр сæрустур нæ устур æмзæнхонæй, фал уоми, кедæр сахари, мæ цæсти уæлдай кадгиндæр иссæй.

Нуртæккæ Дзæуæгигъæуи цæрун, сахари сæрмæ, Исси цирт мæмæ хæстæг æй. Нæ ди баруагæс уодзæнæй, Дамир, фал уæхæн бон ефстагмæ фæууй, æма уордæмæ ма иссæуон, æ циртбæл ин мæ къох ма байвæрон, æ рази ма ралæууон. Митя дæр мæ цæститæбæл рауайуй. Ардигæй уордæмæ мæнæн дæс-инсæй минуттей цудæй æндæр нæййес. Ардигæй уордæмæ цæугæй дæр Исси зар фæккæнун, фæстæмæ цæугæй дæр. Беретæ мæбæл исахур æнцæ, мæ еци миуæбæл нæбал бадес кæнунцæ, æнæзонгитæ ба мæ фæдбæл кæсгæй байзайунцæ, фал, ка 'й зонуй, уонæй дæр кадæртæ æнæ бафæрсгæ нæ фæуууодзæнæнцæ мæн туххæй, æма мæ етæ дæр, æвæдзи, балæдæрдзæнæнцæ...

## МÆ ФИДИ ХÆЦЦÆ ФЕМБÆЛД МАНЬЧЖУРИЙ

Аци хабар ба мин радзурдта нæ республики промышленности раздæри министр Байти Хъазбег. Е адтæй 1997 анзи. Уæд уой хæццæ еумæ фæттахтан далæ



**Зундгонд куд æй, уотемæй ПЛИТИ Иссæ уосиат кодта, цæмæй, æ цардвæндаги кæрон ку æрхъæрта, уæд æй Иристони зæнхæбæл – кæми райгурдæй, æ хæстæгутæн æма къæбæзтæн се 'носон бунат кæми иссæй, еци рауæн байвæрун. Æма æ еци фæндæ æнхæстгонд æрцудæй – æ уæлзæнхон цардæй ку рахецæн æй, уæд æй байвардтонцæ Дзæуæгигъæуи Кади Аллейи.**

***Родион МАЛИНОВСКИЙ (1898-1967), Советон Цæдеси Маршæл:***
***«...Плити Иссæ æй нифсхаст, кусти принципиалон æма фиццагидæр æхецæй, уой хæццæ ба æ дæлбарæ ка ’й, уонæй дæр домагæ. Кадртæн кæнуй раст аргъ, æ уодикондмæ гæсгæ æй сабур, хебæлхуæцгæ, æфсади ин ес кадæ, ахедундзийнадæ».***



ПЛИТИ Иссæ е ’мбæстонтæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ) КОКОЙТИ Василий, КОТАЙТИ Григорий æма САНАХЪОТИ Бариси хæццæ.

# ÆНÆФЕРОНХГÆНГÆ ФЕМБÆЛД

Абони дæр ма ахид æримисунцæ Дæргъæвси гъæуи цæрæг хестæр æма астæуккаг кари фæлтæртæ еци дессаги фембæлд. Е адтæй дууадæс æма инсæй анзей размæ, фал æй æзини хузæн дарунцæ сæ зæрдæбæл дæргъæвсæгтæ. Мæнæ ци зæгъуй еци æнæферонхгæнгæ фембæлди туххæй Дæргъæвси скъолай раздæри ахургæнæг, фæстæдæр ба гъæусовети сæрдар, гъæуи администраций сæргълæууæг, бæстæзонæн музейи хайади директор Сасиати Ислам:

– Е адтæй 1970 анзи. Нæ университети филологон факультет каст фæууни фæсте мæ рарвистонцæ мæ райгурæн гъæу Дæргъæвсмæ ахургæнæгæй. Еу бон фæсурокти рауорæдтон цалдæр скъоладзауи, цæмæй сæ хæццæ уæлæнхасæн бакустайнæ еу æрмæгбæл. Уæдмæ мæмæ ахургæнгутæй кадæр фæдздзурдта, уартæ адæм гъæунги кумæдæр фæдеси ледзунцæ. Фæууагътон мæ уæлæнхасæн урок иннæ бонмæ æма уайтæккæ æз дæр гъæунги балæудтæн. Уæдмæ мæ тæккæ размæ бауорæдта уæзласæн хуæдтолгæ æма си, Дæргъæвсæй Фиййагдони поселокки æрзæтинсæн фабрики ка куста, еци лæгтæй цалдæр рахизтæй, сæ сæртæбæл – каскитæ, сæ косæн дарæс – сæ уæле.

– Ду ба ма ами ци лæууис, – исдзурдта мæмæ шахтерти хестæр Хæдзарæгати Ладемур (рохс дзенети бадæд, хъæбæр хуарз лæг адтæй), – цæуæн æма мах дæр Исси фæууинæн.

Бæдтиати Митяй дуармæ адæм баберæ ’нцæ. Кустæй ка куд цудæй, уотæ лигъдæнцæ кадгин иуазæги фæууинунмæ. Тургъæмæ ку бахизтан, уæд фæууидтан цалдæр кæстæри арти хæццæ куд архайдтонцæ, уой.

– Æма иуазæг ба кæми ’й? – бафарста Ладемур артгæнæги.

– Иуазæг Билари хæццæ медæгæй хæдзари ’нцæ, – дзуапп равардтонцæ артгæнгутæ.

– Етæ дин иуазгутæ! Ходуйнаг æй еци дарæси сæ размæ бацæуун, – загъта шахтертæй кадæр. Фал Ладемури бауорамæн нæбал адтæй, уæхæн фадуат нин нæбал уодзæнæй Исси фæууинунæн, зæгъгæ.

Уæдмæ иуазгутæ сæхуæдтæ тургъæмæ рахизтæнцæ. Билар – разæй, уæдта Иссæ æма ма дууæ афицери. Махæн фенцондæр æй. Зин æй хумæтæг дзубандитæй аци фембæлди туххæй радзорун. Фæлтæрдгин инæлар бакастæй устур уарзондзийнадæ æ фæууинунмæ ка ’рбацудæй, уони цæстингасбæл. Билар, æвæдзи, тухстæй æхенимæри, еске Исси номбæл фагæ дзæбæх дзубандитæ ку нæ зæгъа, зæгъгæ. Е бæрæг адтæй, алли дзорæгмæ дæр куд лæмбунæг кастæй, уомæй.

Еугурей разæй Ладемур ниттухстæй Иссæбæл, мæнæ цума æ мади уарзондæр зæнæг адтæй. Æ зæрдæ исунгæг æй...

Мæнмæ фæстагмæ æрхаудтæй Исси къох райсуни барæ. Дзорунмæ нæбал арæхстæн, айдагъдæр лæдæрдтæн Исси къох мæ къохи сабургай куд зирзир кодта, цума мæ токæй цавта, уоййау. Æ цæститæмæ ин коммæ бакæсун нæ бандиудтон. Уой фæсте райстон Билари къох æма ин райарфæ кодтон, уæхæн кадгин иуазæг нæмæ ке исæмбæлун кодта, уой туххæй.

Билар мæ рафæрститæ кодта, ци косæг дæ, куд æй хуæнхбæсти цард, цæмæй тухсетæ, зæгъгæ...

Уæдмæ иуазгути фингæмæ хонунмæ рацудæнцæ фингæцæттæгæнгутæ. Иуазгути фæндæмæ гæсгæ фæдесдзаутæн сæ фулдæр æрбадтæнцæ фингæбæл. Æз, куд кæстæр, уотæ лæудтæн идзагдарæй.

Фиццаг седти барæ равардтонцæ Ладемурæн. Мах еугурæйдæр тарстан, аккаг дзубандитæ ку ну зæгъа Исси номбæл, ку нæ ин ракæна фагæ арфитæ. Фал мæнæ дессаг! Кæци оратор радзурдтайдæ Ладемури хузæн еци сахат:

– Мах æрцудан фæдеси, нæ сæр бæрзæндти кæмæй хæссæн, нæ фунти ке уинæн, нæ минкъий Иристонæн Бонвæрнон стъалу ка ’й, æ уиндмæ æдзох кæмæн бæллæн, æ цæрæнбонæн нæ алли кувди кæмæн ковæн, нæ иразгæ фæлтæрæн царди бæрзæндтæмæ феллаугæ намуси туруса ка ’й...

Æма кæци финсæг æргъуди кодтайдæ уæхæн дессаги хуарæнтæ. Еузагъдæй, Ладемурмæ игъосгæй, кувди бадæг адæмæй амменæ зæгъун феронх æй, фал æ седт ку фæцæй, уæд райгъустæй тухгин къохæмдзæгъд, æ амидингæнæг ба адтæй Хъæбæлоти Билар.

Фиццаг хатт фæууидтон уæд инæлари цæстисугтæ. Уалинмæ кæстæрти къуар базардтонцæ Сасиати Валодяй зармæ: «Иссæйау карз тох чи нæ кодта!..»

Заргæнæг æма фæрсаггæнгути цæстингасбæл зиндтæй Исси уарзондзийнадæ, æ кадæ, æ намус, æ бæгъатæрдзийнадæн аргъ кæнуни æнкъарæн.

Уой фæсте седти барæ æрхаудтæй Хъæбæлоти Билармæ.

– Исси Иристони амонун некæмæн гъæуй, мадта ин æ тугъдон нæдтæ дæр зонетæ, уобæл дзорæг æй, абони имæ ци уарзондзийнадæ æвдесетæ, е. Æз уи дæн хъæбæр боз æма уин кæнун зæрдиаг арфæ. Сумах бон бацæй æхсист тугъдони зæрдæ исбоц кæнун, уæ кæдзос еузæрдиуондзийнадæй, уомæн æвдесæн æнцæ инæлари цæстисугтæ, фудрæстæгути ка не ’ркалдæй, етæ æма уин мæ зæрдæ зæгъуй, цæмæй не ’хсæнæй фулдæр цæуа уæхæн намусгин игурдтæ. Еу хатт ма уин арфæ кæнун.

Дуккаг бон скъоладзаутæн радзурдтон Исси хæццæ фембæлди хабæрттæ. Равардтон син хæдзарæмæ кустæн сочинени ниффинсуни ихæс: «Ка ’й Иристонæн Плити Иссæ», зæгъгæ, уæхæн темæбæл. Испайда кæнетæ, ци киунугутæ бакастайтæ Исси туххæй, уонæй дæр. Еци фембæлдæй испайда кодтон фæсевæди ’хсæн патриотон кусти. Гъулæггагæн, уæхæн куст иронхуати изайун райдæдта фæстаг рæстæг, уæддæр Исси рохс стъалу æностæмæ æрттевдзæнæй Ири фæсевæдæн æма сæ хондзæнæй æ фæсте, уодзæнæй син æностæмæ нифси мæсуг бæгъатæрдзийнадæ равдесуни гъуддаги.

Дуккаг бон скъоладзаутæн æз дæр бакастæн мæнæ аци æмдзæвгæ:

## КАДЫ НУАЗÆН

*Чи нæ зоны Ирыстоны Иссæйы,*
*Сæрыстыр дзы кæцы ирон лæг нæу.*
*Уæд ма куыста сæйраг горæт Мæскуыйы,*
*Фæлæ дын иу хатт базмæлыд нæ хъæу.*
*Згъордтой адæм хъæугæрон хæдзармæ:*
*Зынаргъ уазæг нæ гыццыл хъæуы ис...*
*Кæй ма ’вдæлыд ирон хуынды æгъдаумæ*
*Нæу худинаг, æрцыдыстæм фæдис!..*
*Æгæрон цинаг буц уазæг æрхаста,*
*Уыд алкæмæн æфсæрмдзаст ныхыл фыст,*
*Фæлæ чъынды уыд ацы бон ныхæстыл,*
*«Æгас цæуай» – зæгъгæ, къух сындæггай рызт.*
*Æз æм хæстæг нæ уæндыдтæн фыр буцæй,*
*Фæлæ мын хистæр баххуыс кодта цырд:*
*– Мæнæ дын уый та ахуыргæнæг – хохаг*
*Уырны нæ мах, нæ фæсайдзæн йæ дзырд.*
*Дæ фæндæгтæм нæ рæзгæ фæлтæр хондзæн –*
*Æрмæст фæсивæд мауал фенæд хæст...*
*Мæнмæ фæкаст, цыма мæ зæрдæ тондзæн,*
*Цыма мæ æвзаг арф риуы нымбæхст.*
*Уæдмæ Джерихан – хъæуы хистæр басидт:*
*– Зæххон зæд ис, нæ фынджы уæлхъус ам.*
*Фыдтымыгъты бæсты сæрвæлтау бахсыст.*
*Æдзух-иу æй нæ буц фынты уыдтам.*
*Скодта кад нæ Иры бæстæн, фидæн,*
*Æрхаста нын Уæлахизы бон Май,*
*Æмæ фыццаг сидт уый цæрæнбон сидæм*
*Æнустæм нын æнæмæлгæ куыд уай...*
*Хъæрæй ныззарыд кæстæрты къорд уаты:*
*«Иссайау карз тох чи нæ кодта уæд».*
*Æмæ нæ хистæр тынг бæрнон сидт нуазы...*
*Æнæмбæхст цæссыг алкæй рустыл уад.*

***Дæргъæвс, 1970 аз.***



ХЪÆБÆЛОТИ Билар (галеуæрдигæй) æма ПЛИТИ Иссæ бæрæгбони (рахесæрдигæй).



ПЛИТИ Иссæ Иристони кадгин хестæрти хæццæ.

**Номдзуд тугъдон тæхæг Слонати Гæзини фурт Алибеги райгурдбæл аци анз исæнхæст æй фондз æма фондзинсæй анзи (1918-1942). Æ ном æ райгурæн гъæу Кæрджини лæвæрд æрцудæй бунæттон скъола æма колхозæн.**

***ПЛИТИ Исси кизгæ Нинæ: «Мæ фидæ æ кустбæл уоййасæбæл æновуд адтæй, æма ин уæгъдæ рæстæг, зæгъун æнгъезуй, æгириддæр нæ уидæ. Æма мæ тæккæ амондгундæр бон мин иссæй 1941 анзи 1 Май. Æнæгъæнæ бони дæргъи фæцан еумæ, цийнæ кодтан, фал нæ цийнæ берæ нæ рахаста – райдæдта тугъд...»***

# ИРИСТОНÆЙ ХУНÆ – ИНÆЛАРÆН

***Плити Иссæ нæ адæмæн уæлдай зæрдтагон æй айдагъ куд номдзуд балхон нæ, фал ма алæмæти хæларзæрдæ уодиконди рæдаудзийнади туххæй дæр. Уой фæдбæл берæ дæнцитæ æрхæссæн ес. Зæгъæн, Цæгат-Кавказаг æфсæддон зилди командæгæнæг уогæй, Иссæн æ агъазгæнæг адтæй Михаил Деркачев æма е æ имисуйнæгти киунуги уотæ финста: «Плити Иссæ ССР Цæдеси Сæйраг Совети депутат ку адтæй, уæд рабæрæг æй æ еума алæмæти ацъагъуæ – депутати ихæстæ æнхæст кæнунмæ дæр хуарз арæхстæй.***



ПЛИТИ Иссæ æ цардæмбал Екатерини (ЧЕХОЙТИ Давиди кизгæ) хæццæ.

Кæд бæлвурд бæнттæ æма сахæттæ амунд адтæй æ косæнуати дуарбæл æвзаргути есуни туххæй, уæддæр уомæ некæд кастæй, адæми иста кæцифæнди бон дæр, сæхе рæстæг æй куд амудта, уотæ. Æвзаргутæ имæ цудæнцæ Цæгат Иристонæй, уордигæй адтæй Иссæ бæсти хецаудзийнади уæлдæр оргæнмæ депутатæй æвзурст. Фал айдагъ Иристонæй нæ, адæм имæ цудæнцæ Цæгат Кавкази зилди иннæ рауæнтæй дæр, сахар Ростовæй æма Ростови облæстæй. Лæмбунæг байгъосидæ алли æрбацæуæгмæ дæр æма ин, æ бон фæййагъаз кæнун цæмæй адтæй, уомæй агъаз кодта.

Æ депутатон кусти ба ин æ сæйрагдæр æма æновуддæр агъазгæнæг адтæй æ цардæмбал Екатеринæ (Чехойти Давиди кизгæ). Куд имисунцæ, уотемæй е дæр дессаг зæрдхæлар æма иуазæгуарзон адæймаг адтæй – æцæг ирон силгоймаг. Иссæ æма æ цардæмбали рæдаудзийнади фæдбæл нæ æримисун фæндуй, Екатеринæн æ хуæрзхæстæг Чехойти Джерихан (нæкæси, е дæр æ рæстæги адтæй советон афицер, болкъон) æ уацтæй кæцидæри ци цауи кой ракодта, уой.

* * *

Мæ сиахс номдзуд инæлар Плити Иссæ ма æгас ку адтæй æма Ростови ку службæ кодта, уæд Советон Цæдеси Сæйраг Совети депутати ихæстæ дæр æнхæст кодта. Адæм имæ финстонцæ айдагъ Иристонæй нæ, фал еугур Советон Цæдеси аллирауæнтæй дæр. Курдтонцæ си, цæмæй син байагъаз кæна, æма æ бон цæмæй адтæй, уомæй син агъаз кодта.

Берæ курдиæдтæ цудæй Плити Иссæмæ Цæгат Иристонæй. Æвзаргутæй беретæ поезди рабадиуонцæ æма Ростови æ хæдзари балæуууиуонцæ.

Еци иуазгутæн ба цæнхæ æма кæрдзин фингæбæл æвардта мæ хуæрæ Екатеринæ. Финстæгутæ дæр е иста, цума депутати секретарь адтæй, уотæ.

Уотæ ке адтæй, уой Джерихан æхуæдæг дæр æхе цæститæй фæууидта. Цæветтонгæ, Плитæмæ Ростови иуазæгуати ку адтæй, уæд æй Екатеринæ базонгæ кодта, адæм Иссæмæ, куд ССР Цæдеси депутат, уотæ ци финстæгутæ ’рвистонцæ, уонæй еу хаййи хæццæ.

* * *

Еу си байгон кодтон. Сибири сахартæй еуемæй исæрвиста тугъди ветеран, Исси æмтохгæнæг. Курдта, цæмæй ин Мæскуй сæйгæдони бунат раттонцæ операци искæнуни туххæй.

Мæ хуæрæн финстæги курдиадæ ку балæдæрун кодтон, уæд е райста Исси депутатон сæрмагонд гæгъæди, мухургæнæн машинки æй байвардта, Мæскумæ æнæнездзийнади министрмæ рамухур кодта финстæг æма ’и рарвиста, цæмæй еци тугъди ветеранæн Мæскуй сæйгæдони бунат раттонцæ, уой туххæй.

Уалинмæ тургъи колдуари гъæр æрбайгъустæй. Еу дæлболкъон æма рацæргæ ирон силгоймаг рахизтæнцæ хуæдтолгæй.

– Е ба уин ка ’й, æз нæ хæстæгутæй ауæхæн силгоймаг ку нæ зонун? – фæрсун мæ хуæри.

– Æз дæр æй бæргæ нæ зонун, фал цалдæр боней размæ нæ лæгмæ æрцудæй ирон хуни хæццæ, æма нæ лæг æ адъютантмæ æхца равардта, зæгъгæ, тукæнттæбæл æрзелæ æма ’й цидæриддæр гъæуй, уони ин балхæнæ æма ин сæ æ хуни тæбæгъи исæвæрæ.

– Æма уæмæ ирон æнæзонгæ силгоймаг æхуæдæг цæмæн æрцудæй Ростовмæ? – фæрсун æй.

Мæ хуæрæ мин ракодта уæхæн хабар. Дзæуæгигъæуи ирон фæсевæд, кафтонцæ Иригъæуи æма зардтонцæ киндзæхсæвæри. Киндзæхсæвæр æ тæккæ тумугъи ку адтæй, уæд дууæ ирон лæхъуæни цæбæлдæр фæббуцæу æнцæ. Кæрæдземæ кæрдтæ исластонцæ. Еу си инней барæхуста. Цæвæги æрахæстонцæ æма слестгæнгутæ сæ куст райдæдтонцæ. Лæхъуæни мадæ седзæргæс разиндтæй. Адтæй ин айдагъдæр еци еунæг биццеу. Седзæргæсæй æй исхаста. Æма аци æнахур силгоймаги кадæр синхæгтæй исардудта, нæ депутат Плити Иссæмæ Ростовмæ цо, æма дин е дæ фурти ахæстдонæй рауадзун кæндзæнæй, зæгъгæ. Ирон силгоймаг, ирон æгъдаумæ гæсгæ, ирон хунæ цæттæ кæнун райдæдта. Æ фæстаг къапеккитæй сахари базари балхæдта гогуз, цихтитæ, æрти литри дууæ хатти уагъд арахъ. Ирон хунæ карзинки нивварддта æма станцæмæ поездмæ рацудæй. Æ синхæгтæ ’й поезди исбадун кодтонцæ, æ къохи гæгъæдий гæбазæ, уотемæй. Финст си адтæй айдагъдæр æртæ дзурди: «Ростов, депутату Плиеву».



ССР Цæдеси Сæйраг Совети депутаттæ ХЪÆБÆЛОТИ Билар, ПЛИТИ Иссæ æма партий Тамбови обкоми фиццаг секретарь Василий ЧЕРНЫЙ (æ рæстæги куста партий Цæгат Иристони обкоми секретарæй) ССР Цæдеси Сæйраг Совети сессий.

Поезд сæумæй раги Ростови æрлæудтæй æма бæлццæнттæмæ цæстдарæг ирон каргун силгоймаги рахезун кодта, гæгъæдий куд финст адтæй, уотæ.

Перрони силгоймаг ку ’рбадтæй æ чумæданбæл æма имæ еу æфсæддон афицер ку ’рбахæстæг æй, уæд бæлццон силгоймаг æ гæгъæдий гæбазæ афицерæн фæууинун кодта.

– Куд нæ ’й зонун, е нæ командæгæнæг ку æй, – загъта е æма салдæттæмæ фæсседтæй, цæмæй каргун силгоймаги хæссуйнæгтæ исесонцæ æма ’й вагзали патрулти азгъунстмæ бахононцæ.

Патрулти хецау вагзалæй инæлар Исси адъютантмæ телефонæй радзурдта æма ин фегъосун кодта, Иристонæй командæгæнæгмæ иуазæг ке ’рцудæй, уой.

Косгæ бон нурма нур райдæдта æма зилди штаби еци бон цудæй афицерти циуавæрдæр ахсгиаг æмбурд. Иссæн ку фегъосун кодтонцæ зæронд уоси хабар, уæд инæлар æ машинæ æ адъютанти хæццæ вагзалмæ рарвиста, цæмæй иристойнаг бæлццони штабмæ æрбаласонцæ, æма цæмæй депутат Плити Иссæ æ уолæфуни рæстæг е ’взарæги хæццæ фембалдайдæ.

Уолæфуни рæстæг ку ’рхъæрттæй, уæд Иссæ æ къæбинетмæ бацудæй цалдæр инæларей хæццæ. Плити Исси æмслужбæгæнæг инæлартæ ирон зæронд уоси къæбинетмæ бахудтонцæ. Е син иронау зæрдиаг арфитæ фæккодта, æ хурдзин райхалдта æма си цидæриддæр адтæй, уони стъолбæл æрæвардта: æртæ къерей, фунх гогуз æма арахъ.

Плити Иссæ ирон æгъдæуттæ хуарз зудта. Æ бунатæй исистадæй, рацудæй зæронд уоси размæ, е ’мзæнхони æ хъури ракодта. Исси хæццæ ци æмбæлттæ адтæнцæ, етæ дæр ирон æгъдæутти хæццæ зонгæ адтæнцæ, æма ци фæууидтонцæ, е сæмæ дессаг нæ фæккастæй.

– Нæ мади хай, лæмбунæг дæмæ игъосун, ци дæ æрхаста Иристонæй аци идард балций? – бафарста Плити Иссæ уоси.

Силгоймаг æ къохмæрзæн æ дзиппæй исиста æма гъарæнгæ кæнун райдæдта инæлари къæбинети:

– Бабун дæн, мæ еунæг биццеуи мин æрахæстонцæ, æма мин ду ку нæ фæййагъаз кæнай, уæд мæ бундори арт ниххусдзæнæй.

Силгоймаг кæун ку райдæдта, уæд иннæ инæлартæ сабургай сæхе райстонцæ къæбинетæй, Плити Иссæ æхуæдæг еунæгæй куд радзубанди кодтайдæ аци зæрдрист уоси хæццæ, уотæ.

Иссæ ку балæдæрдтæй гъуддаг, уæд силгоймагæй байагурдта, циуавæр гæгъæдитæ ес æ хæццæ, фал имæ ирон хунæй уæлдай неци разиндтæй.

– Нæ мади хай, дæ хуарзæнхæй, дæ кæун фæууорамæ... мæ бон ци уа, уомæй дин фæййагъаз кæндзæнæн... нуртæккæ ба бал нæ хæдзарæмæ цо, дæ фæллад исуадзæ, изæри нæ дзубанди идарддæр рахъæртун кæндзинан.

Силгоймаг адъютанти хæццæ Плити Исси хæдзарæмæ ку рандæй, уæд ирон хунæ буфетмæ бахастонцæ æма косгæ бон ку фæцæй, уæд Плийи-фурт е ’мслужбæгæнгутæн барæ равардта ирон арахъæй фæйнæ æртæ агувзи баниуазун æма гогузи фидæй исахуадун. Буфети косæг кизгуттæ пеци ирон къеретæ исгъар кодтонцæ. Иссæ телефонæй æ цардæмбал Екатеринæмæ бадзурдта, цæмæй е ’рбацудмæ иуазæг ирон уоси гæгъæдитæ бацæттæ кодтайдæ.

Мæ хуæрæ Екатеринæ силгоймаги номæй ниффинста курдиадæ депутат Плити Иссæмæ, Цæгат Иристони разамонгутæмæ æма нæ республики прокурори номбæл.

Æз нæ зонун, еци зæронд уоси фуртæн тæрхондонæ ци тæрхон рахаста, уой. Фал Плити Иссæ æ кадæй аци гъуддагбæл ке зилдæй, уомæн æз адтæн æвдесæн. Цæгат Иристони депутаттæн дæр аци хабар хуарз агъаз уодзæнæй. Уадзæ æма зононцæ, ирон адæми уарзон хъæболæ, номдзуд инæлар æ комкоммæ æфсæддон гъуддаги ихæстæ æнхæст кæнунæй уæлдай ма, куд депутат, уотæ лæмбунæг æма бундоронæй ке архайдта, е ’взаргутæ имæ сæхе ци фарстати хæццæ бахатиуонцæ, уони фæдбæл. Æ зин сахатти имæ ка ’рбацæуидæ, уонæн, ци гæнæн æма амал уидæ, уомæ гæсгæ ке фæййагъаз кæнидæ, уой адæм куд нæ зудтайуонцæ, уомæ гæсгæ ба си боз дæр адтæнцæ æма федарæй дæр ибæл æууæндтæнцæ. Уогæ уотæ дæр, æвæдзи, рауайидæ æма кæмæндæр кæцидæр фарстай фæдбæл фæййагъаз кæнуни равгæ нæ уидæ, фал æй уæддæр коргутæ балæдæриуонцæ – гъе уотæ хъæбæр ибæл æууæндтæнцæ, зудтонцæ ’й, куд рæстзæрдæ адæймаг æй, æма сæ фарстайæн исаразæн ку адтайдæ, уæд син, æнæмæнгæ, ке фæййагъаз кодтайдæ, уой.

...Хуни тæбæгъ ба мæ хуæрæ Екатеринæ, ирон æгъдаумæ гæсгæ куд æнгъезуй, уотæ лæвæрттæй байдзаг кодта æма æ иуазæги кадæ æма ради хæццæ рафæндараст кодта Дзæуæгигъæумæ.

**Цуппар æма цуппаринсæй анзей размæ (1939 анзи 30 ноябри) райдæдта советон-финляндийаг тугъд. Фæцæй 1940 анзи 12 мартъий, сабурдзийнади бадзурд бафинсгæй, уæдта нæуæг паддзахадон арæн æрæвæргæй.**

*Индийская мудрость гласит: «Добродетель в том, чтобы делать близким добро и не причинять зла. А делать ближним добро – это делать для них то, чего желал бы самому себе...»*

**НÆ ЕУГУР ГЪУДДÆГУТÆ, ГЪУДИТÆ ÆМА ДЗУБАНДИТÆ НÆ ФÆДБÆЛ ЦÆУНЦÆ – АРХАЙЕТÆ ХУАРЗДЗИЙНАДÆ АРАЗУНБÆЛ!..**



# ЕСКÆМÆН ДÆ ХУАРЗ ФÆНДУЙ, УÆД ХУАРЗМÆ ÆНГЪÆЛМÆ КÆСÆ!..

**1. Уотæ рауадæй, æма еци-еу рæстæгмæ бадзубанди кодтай дууæ фембæлдей туххæй. Уæхæн уавæри бахаугæй, кæцимæ си фæццæуддзæнæ?**

а) Раздæр ке туххæй бадзубанди кодтон, уордæмæ -1;

б) Æхцæуæндæр мин ка 'й, еци фембæлдмæ – 0.

**2. Иуазæгуати угæй, раздæр дæр ма ке фегъустай, уæхæн ходæг радзурд ку фегъосай, уæд:**

а) Нæ 'й иской кæндзæнæн – 1;

б) Балæдæрун æй кæндзæнæн, кæддæр ма 'й фегъустон, уой – 0.

**3. Дæ кæддæр зонгæбæл исæмбалдтæ, фал ин æ ном ба байронх дæ. Æма:**

а) Нифсæрмитæ угæй, байархайдзæнæ еци ирухст уавæрæй ести хузи фæййервæзунбæл – 0;

б) Æргомæй басæтдзæнæн, æ ном ин ке нæбал гъуди кæнун, уобæл – 1.

**4. Ести листæг гъуддагæй ку исгъигæ уай (дæ сæр ке ресуй, дæ бийнонти 'хсæн цидæр нецæййаг хæлхъой, ке рауадæй, кенæ æндæр ести гъуддаг), уæд:**

а) Уой фæдбæл рахабæрттæ кæнун сауæнгæ мæ зонгитæн – 0;

б) Мæ меднимæр сæ фæддарун – 1.

**5. Ескумæ дæ ку байагорунцæ, уæд дин ахсгиагдæр ци фæууй:**

а) Уæхæн уæледарæс искæнун, кæцими мин æнцон уодзæнæй – 1;

б) Уæхæн уæледарæс искæнун, кæцими мин уоййасæбæл æнцон нæ уодзæнæй, фал уавæрмæ гæсгæ ба аккаг уодзæнæй – 0.

**6. Айдагъдæр сувæллæнтти аккаг æй, зæгъгæ, ци телеравдист нимайис, уой дæ рази цийнæ кæнгæй еске æстауа, уæд зæгъдзæнæ:**

а) «Æз æй нæма фæууидтон, фал имæ бакæсун гъæуй» – 1;

б) «Æз æй еу хатт фæууидтон æма мæ зæрдæмæ æгириддæр нæ бацудæй...» – 0.

**7. Де 'мбал секк кæнуй, ци хуæдтолгæ балхæдта, е ин æгæр хъазарбæл ниллæудтæй, зæгъгæ. Кæд ду дæр уотæ нимайис, æма зингæ-зингæ фулдæр ибæл бафиста, уæд:**

а) Æнæмæнгæ ин зæгъдзæнæ, æцæгæйдæр уотæ ке 'й, уой – 0;

б) Неци ин зæгъдзæнæ, фал ин арфæ дæр ма ракæндзæнæ æ исфæрæзни туххæй – 1.

**8. Де 'рдхуарди нæуæг монцдзийнадæ дæ зæрдæмæ æгириддæр нæ цæуй. Æма дæ уой фæдбæл ку бафæрса, уæд:**

а) Комкоммæ дзуапп раттуни бæсти ести хузи фæттиллеф кæндзæнæн – 1;

б) Æргомæй ин зæгъдзæнæн, æ нæуæг монцдзийнадæ мæ зæрдæмæ ке нæ цæуй, уой – 0.

**9. Æ бийнонти 'хсæн ци æфхуæлцæ исæвзурдæй, уой фæдбæл де 'мбали багъудæй дæ унаффæ. Æма ин:**

а) Зæгъдзæнæ ин, гъома, дæумæ гæсгæ раст æй – 0;

б) Тиллефгонд дзуапп ин ратдзæнæ – 1.

* * *

**Нур ба банимайæ, фарстатæй кæцибæл ци дзуапп равардтай, уомæ гæсгæ баллтæ æма искæнæ хатдзæгтæ.**

**0-3 балли.** Дæ æгæр æргомдзийнадæ дæ алфамбулай ка 'й, уонæмæ усхъумæгомау фæккæсдзæнæй. Дæ сагъæстæ æнæргъудийæй гъæр кæнунæй тиллеф кæнæ, уомæн æма дæ загъд, ка 'й зонуй, кедæрти зæрдæмæ нæ фæццæуддзæнæй, кедæрти зæрдитæ ба ма сауæнгæ ресун дæр фæккæндзæнæй. Аци унаффæмæ байгъосгæй, æма уомæ гæсгæ ку архайай, уæд, баруагæс ди уæд, минкъийдæр уодзæнæнцæ дæ сæринестæ дæ хеуæнтти æма зонгити хæццæ рахастдзийнæдти фæдбæл.

**4-6 балли.** Адæми хæццæ кæрæдзей лæдæрундзийнадæй гъæстаг нæ дæ. Фал, æгæр æргом ун ку рафæндæ кæнис, уæдта еци гъуддаги зиндзийнæдтæ æвзарун байдайис. Уомæ гæсгæ ба, ездон фарстати фæдбæл дзубандий архайæ арæхсгæдæр ун. Гъæнти туххæй дæ зæгъун хъæбæр ку бафæндæуа, уæдта архайæ уой æгæр гъæрæй æма карзæй нæ кæнун, фал сабур хузи æма нидæн гъæлæсиуагæй. Уой адæми рази нæ, фал хебарæй, уотемæй дæ фæндæ дæр æнхæстгонд æрцæуудзæнæй æма хæлхъойаг уавæрæй дæр ервæзт уодзæнæ.

**7-9 балли.** Аци хатдзæг ба уой æвдесæн æй, æма дæ алфамбулай ка 'й, уони хæццæ рахастдзийнæдтæ арæзунмæ арæхсис, уомæн æма си хуарз лæдæрис, уæдта сæ хæццæ дæхе дарис ездонæй, хъæбæр æстæн адæмæй кедæрти дæхецæй райеуварс кæнис.

**РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..**



Фарстатæн се 'мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй:

**1. Дуккаг дуйнеуон тугъди советон адæми алæмати уæлахези кадæн Берлини ци сæрмагонд монумент ес, уой исаразун æ рæстæги бабарæ кодтонцæ зундгонд скульптор Евгений Вучетичæн. Æма ин уæди зингæдæр балхонтæй еу байхæс кодта, цæмæй мемориали Сæйрагдæр гурæн исуа Иосиф Сталини сорæт. Фал фæтæг еци фæндæбæл нæ исарази æй, фал равзурста æндæр эскиз – советон тугъдон ке фæййервæзун кодта, еци кизгæ æ къохи, уотемæй. Фиццаг вариантбæл дзорæг балхон ба ка адтæй:**

а) Климент Ворошилов. б) Георгий Жуков. в) Семен Буденный.

**2. Æхсæндуйнеуон олимпаг Комитети президент Зигфрид Эдстремæй Олимпаг гъæзтитæй еуей кæронбæттæнгæнæн мадзали æ радзубандий феронх æй, æнæмæнгæ зæгъун ке гъудæй, еци загъд: «Олимпаг гъæзтитæ нимайун æхгæдбæл!..» Уомæ гæсгæ ба еци Олимпаг гъæзтитæ, зæгъун æнгъезуй, æхгæдбæл нимад нæ цæунцæ. Кæми ба цудæнцæ еци Гъæзтитæ?**

а) Рими. б) Токиой. в) Хельсинки.

**3. Дронт, зæгъгæ, ци тæхгæцъеу худтонцæ, е кæддæр цардæй Маскаренскаг сакъадахти. Уони адзалæн голландийæгтæ уордæмæ баластонцæ хутæ. Етæ ба си уойбæрцæбæл исбæрæ 'нцæ, æма бунхуæрд бакодтонцæ дронти еугурейдæр. Уæддæр еци тæхгæцъеу иронхуати нæ байзадæй. Зундгонд натуралисттæй ин æ сорæт ка равзурста æ зоопарки эмблемæн?**

а) Гржимек. б) Брем. в) Даррелл.

**4. Недзамайнаг ромæгтæ, сирдти ахур кæнгæй, ахур сæ кодтонцæ сæ кæрæдзей нихмæ тох кæнунбæл дæр. Уæди рæстæги адæммæ хъæбæр цæстиварди адтæнцæ, гал æма сикъафий ку фæккæрæдземæ уиуонцæ, кенæ цомахътæ сæхе раскъæриуонцæ домбайтæбæл, тигртæ ба æрситæбæл, уæхæн тохæнтæ. Æма сæ уомæ ка цæттæ кодта, еци гладиаторти ба куд хундтонцæ?**

а) Бестиарита. б) Венатортæ. в) Димахертæ.

* * *

**Нур ба – раст дзуæппитæ нæ газети 43-аг номери мухургонд фарстатæбæл.**

1. Хуæруйнаггæнæг. 2. Гъæдиситæ. 3. Адольф Гитлер. 4. Александр Дубчак. 5. Кортизол. 6. Ярославль.

**БУДЬТЕ ЗДОРОВЫ!..**

## АНТИСОЦИАЛЬНОЕ ПОВЕДЕНИЕ УСКОРЯЕТ СТАРЕНИЕ

Склонные к антисоциальному поведению люди стареют быстрее сверстников – к такому выводу пришли американские ученые.

Психологи из Университета Дьюка проанализировали данные долгосрочного исследования, в котором участвовали 1037 человек, родившихся в период с апреля 1972 года по март 1973 года в Новой Зеландии. Все добровольцы неоднократно проходили медицинское и психологическое обследование: впервые в возрасте 3 лет, а последний раз – в 45. Так вот, у участников, замеченных в антисоциальных поступках, наблюдалось значительное ускорение биологического старения. В 45 лет они оказались в среднем на 4,3 года «старше» остальных. Антисоциальное поведение включает в себя действия, которые систематически нарушают социальные нормы, игнорируют права других и часто связаны с отсутствием эмпатии или раскаяния. Это, например, ложь, агрессия, воровство, насилие, манипуляции и эксплуатация.

## КОРИЦА СНИЖАЕТ САХАР И ДАВЛЕНИЕ

Ученые из Китая выяснили, что обычная корица помогает поддерживать здоровье сердечно-сосудистой системы.

В исследовании Пекинского медицинского университета приняли участие 137 человек, которых разделили на две группы: первая в течение двух месяцев получала экстракт корицы, а вторая – плацебо. В ходе эксперимента медики измеряли уровень глюкозы в крови, артериальное давление, холестерин, а также уровень воспаления в организме добровольцев. В итоге оказалось, что примерно половина чайной ложки корицы в день способна немного улучшить все эти показатели. Кроме того, предыдущие работы показали, что эта популярная пряность помогает улучшить состояние здоровья людей с диабетом II типа и ожирением. По словам авторов, корица содержит биоактивные вещества, в том числе антиоксиданты, за счет которых и достигается эффект. При этом они отмечают, что необходимы дальнейшие исследования с большей выборкой участников, чтобы подтвердить полученный результат.

Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

Газет исаразæг æма уадзæг: РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

Редакций адрес: 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг. Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00. E-mail: gazeta-digora@inbox.ru. Нæ газети сайт: http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони. Рафинсуни индекс: 73946. Тираж 650. Заказ № 2575. Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 24.11.2023. Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 24.11.2023.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.